



Septanm 2022

Chè fanmi,

Depatman edikasyon eta Nouyòk egzije pou tout distri lekòl, ladan Depatman edikasyon (DOE) vil Nouyòk pou kolekte enfòmasyon nan men fanmi sou aksè elèv yo genyen nan aparèy ak entènèt pou ane lekòl 2022-23 a. Pou rann sa fasil pou fanmi, DOE ajoute yon Kesyonè dijital sou ekite fanmi nan Kont Lekòl NYC a (NYCSA) (<https://www.schools.nyc.gov/nycsa>), kote ou ka bay repons pou kesyon yo, pou chak elèv ou genyen ki nan klas kindergarten jiska 12yèm ane.

Kesyonè a poze nèf kesyon kout (li pran apeprè senk minit) sou aksè dijital fanmi ou, epi yo pral sèvi avèk repons ou yo pou ede idantifye bezwen lekòl la ak distri a, vize resous ak opòtinite finansman, epi y ap itilize yo pou eta a pran desizyon politik ak inisyativ lejislatif.

Ou pa gen yon kont lekòl NYC ([schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc))? Ou ka fè youn jodia! Li rapid ak fasil pou fè sa. Anplwaye lekòl pitit ou a ka ede w ajoute elèv ou a, pou w ka jwenn enfòmasyon li, ladan nòt klas ak nòt egzamen. Ou ka pran kou tou nan Parent University, rapòte entimidasyon, siyen fòm konsantman pou tès COVID-19 la, ak plis ankò.

Si ou pa gen yon kont NYCSA, ou ka itilize vèsyon papye kesyon yo afiche sou sitwèb DOE (<https://www.schools.nyc.gov/DigitalEquity>), retounen sondaj la nan lekòl ou a, epi anplwaye lekòl la ap asire repons ou yo konte.

Mèsi pou koperasyon w ak kolaborasyon w. Nou konnen enfòmasyon sa yo pral ede sipòte aprantisaj ak aksè dijital tout elèv lekòl leta vil Nouyòk ak fanmi yo.

Avèk senserite,

**Depatman Edikasyon Vil Nouyòk**